



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 90 MILYON DOLA YO BAY NAN ETA A
ATRAVÈ PWOGRAM FAST NY LA POU DEVLOPMAN SIT KI PARE POU LANSE
YO**

***Dezyèm faz prim yo pral kreye djòb ak ede atire ak elaji prensipal endistri
kwasans Eta New York yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay apeprè 90 milyon dola pou sis lokal nan kad pwogram sibvansyon Atraksyon Sible pou Zòn ki Pare pou Lanse (Focused Attraction of Shovel-Ready Tracts New York, FAST NY). [Premye anonse](#) nan fevriye 2022, pwogram lan fèt pou prepare ak devlope sit yo atravè eta a pou relanse preparasyon New York epi ogmante atirans li pou gwo anplwayè yo ak konpayi fabrikasyon teknoloji avanse yo. Pwogram nan, ki administre pa Empire State Development, pral ede divèsifye ekonomi Eta New York pandan l ap pouse nouvo investisman pou biznis, kominote, ak kreyasyon djòb.

"Atravè pwogram sibvansyon FAST NY, New York ap kontinye angajman li pou l investi ak elaji kwasans ekonomik ak opòtinite atravè eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral prepare sit ki pare pou lanse yo ke endistri enpòtan tankou semikondiktè ak enèji renouvlab yo ap chèche, epi li pral kreye bon travay epi devlope ekonomi lokal pou jenerasyon k ap vini yo".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Eta New York ap pran mezi aktif pou asire ke nou nan tèt lis la lè konpayi yo ap kòmanse pwosesis seleksyon sit la epi Fast NY pèmèt minisipalite yo ak IDA (Ajans Devlopman Endistriyèl) yo gen sipò yo bezwen pou devlope sit alantou endistri espesifik tankou fabrikasyon avanse, semi-kondiktè, enèji renouvlab, syans lavi ak biznis agrikòl. Atravè pwogram tankou FAST NY n ap asire Eta New York rete yon destinasyon prensipal pou delokalizasyon ak ekspansyon".

Gouvènè Hochul te deja [anonse](#) 40 milyon dola nan prim FAST NY bay premye sèt benefisyè prim yo ete sa a. Avèk anons jodi a, yo te bay apeprè 130 milyon dola pou trèz lokal atravè eta a. Benefisyè yo se:

- **Ajans Devlopman Endistriyèl (IDA) Konte Genesee, Konte Genesee – 56 milyon dola:** Pak Fabrikasyon Avanse Teknoloji Syantifik (Science Technology Advanced Manufacturing Park, STAMP) Lwès New York se yon trè gwo sit 506

ekta, avèk aksè a gwo kantite kouran, dlo ak pre-devlopman fini. STAMP se pi gwo sit ki rete nan Eta New York, ki deja angaje plis pase 50 milyon dola nan sit la epi kote pwojè idwojèn vèt Plug Power a an konstriksyon kounye a epi Edwards Vacuum pral kòmanse konstriksyon nan izin ponp sèk yo nan prentan k ap vini an. STAMP se yon pati entegral nan deziyasyon resan Sant Teknoloji Rejyonal EDA pou koridò Buffalo-Rochester-Syracuse ak objektif estratejik eta a pou kreye yon "owowout semikondiktè" atravè rejyon nò Eta a. Faz sa a nan pwojè a konsantre sou konstriksyon enfrastrikti ki rete a pou sipòte pwojè fabrikasyon avanse yo ki gen ladan yon etablisman tretman dlo ize ak estasyon ponpaj, eleman kanalizasyon re foulman, tiyo prensipal transmisyon gaz natirèl ak ekstansyon andedan sit la, amelyorasyon nan konstriksyon wout ak yon kanalizasyon transmisyon dlo. Depans total pwojè: 62.37 milyon dola

- **Vil Coeymans, Konte Albany – 17 milyon dola:** Pwojè sa a pral pèmèt amelyorasyon enfrastrikti elektrik, ki gen ladan konstriksyon yon liy transmisyon elektrik ak de sou-estasyon k ap sèvi Pò Coeymans epi pèmèt kwasans adisyonèl nan pwopriyete endistriyèl akote a ki gen ladan Pak Endistriyèl Coeymans ki gen anpil restriksyon pou kouran nan moman an. Sou-estasyon yo pral pèmèt Pò Coeymans ak pak endistriyèl akote a sèvi ak 50MW kouran, avèk kapasite pou sèvi jiska 100MW pou devlopman potansyèl alavni. Kouran sa a, ansanm ak aksè nan vwa navigab yo ak sipèfisi ki ka reyamenaje yo, fè sit sa a se yon avantaj estratejik kle pou Eta New York pou fabrikasyon machin endistriyèl ak fabrikasyon teknoloji pwòp ak enèji renouvlab. Depans total pwojè: 83.8 milyon dola
 - **IDA Konte Chautauqua, Konte Chautauqua – 5,250,000 dola:** Sit Ripley Interstate 90 ki pare pou lanse a pral pèmèt amelyorasyon nan enfrastrikti, tankou ekstansyon elektrisite, gaz, dlo ak egou, ansanm ak kreyasyon yon wout aksè. Pwojè a, ki vize pou atire fabrikasyon lejè ak konpayi distribisyon ak lojistik ant eta yo, gen ladan de faz pou fè amelyorasyon ki nesèsè sou sit la pou transfòme 55 ekta tè ki pa ase itilize pou tounen yon sit ki pare pou lanse epi ki gen enfrastrikti, dirèkteman bò kote yon echanjè I-90. Depans total pwojè: 16 milyon dola
- **Vil East Fishkill, Konte Dutchess – 2,000,000 dola:** Pwojè distri dlo iPark la pral kreye yon nouvo distri dlo pou Etablisman iPark 87 la avèk yon nouvo sistèm kanalizasyon dlo ki antoure sit la epi ki pèmèt devlopman yon lòt 51 ekta tè avèk objektif pou atire endistri optik, semikondiktè yo ak ansanm ak distribisyon ak lojistik ant eta yo. Enfrastrikti sa a enpòtan anpil pou konplete transfòmasyon ansyen kanpis IBM sa a pou tounen yon pak fabrikasyon avanse ki gen plizyè lokatè. Depans total pwojè: 6 milyon dola
- **IDA Konte Herkimer, Konte Herkimer – 4,372,000 dola:** Schuyler Business Park (Pak Komèsyal Schuyler), ki vize atire teknoloji pwòp ak enèji renouvlab epi distribisyon ak lojistik ant eta yo, pral reyalize amelyorasyon nan enfrastrikti lè li enstale yon tank depo dlo 500,000 galon pou asire bon jan presyon dlo ak kapasite pou elimine ensandi. Anplis de sa, li pral pèmèt amelyorasyon nan antre ki egziste deja, abòde enkyetid konsènan sikilasyon ki reprezante yon risk pou

chofè yo. Pwojè sa a pral pèmèt devlopman sou plis pase 32 ekta tè. Depans total pwojè: 5.1 milyon dola

- **IDA Konte Warren ak Washington, Konte Washington, Rejyon Kapital – 4,739,000 dola:** Pwojè Canalside Energy Park (Pak Enèji Canalside) nan Fort Edward la pral pèmèt konstriksyon konplè enfrastrikti dlo ize ak amelyorasyon nan enfrastrikti dlo potab pou ansyen etablisman dezidratasyon GE sa a. Canalside Energy Park (CEP), 32 ekta a, se yon sit endistriyèl inik ki gen aksè pa twa mwayen transpò atravè tren, wout ak Kanal Champlain epi li pral atire biznis agrikòl, fabrikasyon machin endistriyèl ak fabrikasyon enèji renouvlab. Avèk dlo ize ki nesèsè ak amelyorasyon nan dlo yo, resous inik nan sit sa a ka atire yon opòtinite devlopman ekonomik enpòtan nan yon zòn detrès. Depans total pwojè: 6.2 milyon dola

Finansman FAST NY atravè sibvansyon ESD bay pou aktivite amenajman alavans ak investisman nan enfrastrikti pou amenaje sit ki pral atire anpil endistri ki elijib—ki gen ladan fabrikasyon gwo teknoloji, semikondiktè, enèji renouvlab teknoloji pwòp, syans lavi, biznis agrikòl, optik, ekipman transpò, transfòmasyon materyèl, fabrikasyon machin endistriyèl ak lòt fabrikasyon avanse. Sit sa yo ka itilize tou pou distribisyon ant eta a ak lojistik. Atravè FAST NY, ESD kapab akòde yon "Sètifikasyon FAST NY Shovel-Ready" pou sit ki satisfè gwo nòm preparasyon pou lanse, pou sipòte ak amelyore efò maketing yo pou atire plis endistri yo. Pou plis detay oswa pou aplike pou sibvansyon FAST NY, ale sou esd.ny.gov/fast-ny.

Direktè Egzekitif Konsèy Devlopman Ekonomik Eta New York, Ryan M Silva, te deklare, "Envesti nan sit pou atire karyè ak endistri lavni yo enpòtan anpil pou siksè ekonomi New York la. Investisman nan enfrastrikti kreye djòb nan konstriksyon ki byen peye epi plis ede fasilite patenarya piblik prive. Prim yo jodi a yon lòt fwa ankò valide wòl enpòtan ajans devlopman endistriyèl yo jwe nan ekonomi New York la, ansanm ak ekspètiz ak resous lokal avèk finansman eta a pou sipòte ak bati kominote dirab. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak ekip ESD a pou lidèchip yo ak patenarya yo avèk Pwogram FAST NY ak benefisyè prim yo pou envesti nan lavni New York".

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Anons Gouvènè Hochul jodi a mete New York nan yon pozisyon trè konpetitif pandan n ap garanti investisman prive ak piblik pou devlopman ekonomik nou. Antanke Prezidan Komite sou Devlopman Ekonomik Asanble a, mwen sipòte anpil FAST-NY epi mwen konnen se yon premye etap enpòtan pou asire yon bon baz pou kwasans travay. FAST-NY, ansanm ak deziyasyon federal nou an kòm yon Sant Teknolojik, pral pèmèt nou atire konpayi fabrikasyon avanse ki enpòtan anpil pou ekspansyon ekonomik rejyon nou an alavni".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)